

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Vaksen Rapèl COVID-19 yo Kesyon yo Poze Pi Souvan

Vaksen rapèl COVID-19 rekòmande pou tout moun ki gen 12 lènè oswa plis ki te resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna sa gen senk mwa oswa plis, oswa sila yo ki te resevwa vaksen a dòz inik Johnson & Johnson (J&J) nan sa gen de mwa oswa plis.

Kisa ki yon vaksen rapèl?

Yon vaksen rapèl se yon dòz anplis nan yon vaksen apre w fin pran yon seri vaksen epi yo itilizel pou l'ranfòse iminite kont virus la, paske pwoteksyon an ka diminye plis tan ap pase (se sa yo rele diminisyon iminite).

Kiyès ki ka resevwa yon vaksen rapèl?

5 mwa apre yo te resevwa dezyèm vaksen Pfizer oswa Moderna tout moun ki gen 12 lènè oswa plis ta dwe resevwa yon vaksen rapèl.

2 mwa oswa plis apre yo te fin resevwa vaksen a dòz inik J&J nan, tout moun ki gen 18 lènè Ple ta dwe resevwa yon vaksen rapèl.

Poukisa yo rekòmande yon vaksen rapèl

Vaksen COVID-19 yo toujou efikas anpil pou prevwa maladi grav yo, etènè lopital oswa lanmò akoz COVID-19. Toutfwa, kèt etid montre pwoteksyon kont enfeksyon vaksen Pfizer ak Moderna bay la ka

kòmanse diminye apre anviwon 5 mwa oswa apre anviwon 2 mwa avèk vaksen J&J nan. Yon vaksen rapèl ka bay moun k ap kouri gwo ris eksposizyon a COVID-19 oswa yon fòm grav COVID-19 yon pwoteksyon, espesyalman avèk prezans varyant Delta k ap sikile nan kominate nou yo.

Ki kondisyon medikal ki ogmante ris yon fòm grav COVID-19?

Kondisyon medikal ki ogmante ris yon fòm grav COVID-19 yo se dyabèt, maladi kadyak, maladi ren kwonik yo, maladi poumon kwonik yo, maladi fwa, kansè, demans, VIH ak gwasès. Pou yon lis konplè ale sou: [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html)

Kiyes ki prezante yon gwo ris eksposizyon a COVID-19 kote l ap travay la oswa nan yon lòt kad?

Djòb ki ka ogmante ris eksposizyon a COVID-19 yo se travayè sante yo, pwofesè yo, pèsonèl gadri yo, ak anplwaye restoran ak makèt yo. Lòt kote ki ka gen yon gwo ris eksposizyon yo se refij pou sanzabri ak prizon yo.

Kòman m ap fè konnen m bezwen yon vaksen rapèl?

Pale ak founisè swen sante w la si w gen kesyon sou opòtinite pou resevwa yon vaksen rapèl. Si w bezwen èd pou w jwenn yon founisè rele 311 oswa rele 212-COVID-19 (212-268-4319) epi pale ak yon enfimyè pou w konnen si w elijib.

Èske fanm ansent, nouris oswa yon moun k ap eseye ansent ka resevwa yon rapèl?

Fanm ki ansent ak moun ki te fenk ansent gen gwo risk pou yo devlope yon fòm grav COVID-19 konpare ak moun ki pa ansent yo. Fanm ki ansent yo dwe vaksinen kont COVID-19 la. Si fanm ansent yo ranpli kritè elijiblite yo, yo ta dwe resevwa yon rapèl.

Ki ris ki genyen lèw w resevwa yon vaksen rapèl?

Pou anpil moun ki te resevwa de dòz vaksen Pfizer oswa Moderna yo oswa yon dòz inik vaksen J&J an, avantaj yon rapèl plis pase ris yo. Jis kounya, reyakson yo siyale apre yon vaksen rapèl yo se menm sa yo te obseve apre dòz inisyal yo. Fatig ak doulè nan ponyèt se efè segondè yo te pi souvan rapòte yo. Anpil nan efè segondè yo leje a modere.

Vaksen rapèl la se menm vaksen ak de premye dòz yo?

Wi. Vaksen rapèl la se menm vaksen ak chak de premye dòz Pfizer oswa Moderna, oswa dòz inik J&J nan. Sepandan, dòz rapèl Moderna, se nwatye sa yo bay pou de premye dòz yo.

Mak vaksen rapèl mwen an dwe menm ak pa vaksen mwen te resevwa pou premye fwa a?

Moun ki vaksinnen yo ta dwe eseye jwenn menm vaksen yo te resevwa nan kòmansman an kòm rapèl, men yo gen chwa pou yo pase nan youn nan de lòt kalite vaksen yo.

Kilè pou m resevwa yn vaken rapèl?

Si w gen 12 lènè oswa plis, ou ta dwe resevwa yon vaksen rapèl 5 mwa apre w te resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a. Si w gen 18 lènè oswa plis epi w te resevwa dòz inik J&J nan, ou ta dwe resevwa yon vaksen rapèl 2 mwa apre dòz inisyal ou a.

Si nou bezwen yon vaksen rapèl, èske sa vle di vaksen yo pa mache?

Non. Vaksen COVID-19 yo mache byen pou prevwa maladi grav, etènè lopital, ak lanmò, menm kont varyant Delta k ap sikile byen lib la. Toutfwa, ekspè nan sante publik yo kòmanse konstate yon ti diminisyon nan pwoteksyon an, espesyalman lakay kèk popilasyon.

Kibò m ka pran yon vaksen rapèl Gratis

Vaksen rapèl Pfizer ak J&J disponib nan 11 lopital sistèm NYC Health + Hospitals yo. Vaksen rapèl Moderna yo disponib sou nenpòt sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health. Ou pa bezwen ale menm kote ou te resevwa de premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna w yo oswa dòz inik J&J ou an. Ale nan nenpòt ki lopital swen entansif NYC Health + Hospitals oswa sou sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health pou rapèl ou a oswa rele 1-877-829-4692 pou jwenn èd nan nenpòt ki lang.

Mwen ka resevwa yon vaksen rapèl anmenm tan ak lòt vaksen yo (tankou vaksen kont grip la)?

Wi. Li pa yon pwoblèm pou w resevwa yon vaksen rapèl anmenm tan ak lòt vaksen, oswa nenpòt moman avan oswa apre. Si w poko resevwa vaksen kont grip ou a, tou de disponib nan lopital swen entansif NYC Health + Hospitals yo.

Èske mwen bezwen yon vaksen rapèl pou m konplètman vaksinen?

Non. Yo konsidere yon moun konplètman vaksinen de semèn apre dezyèm dòz yon vaksen a de dòz (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa de semèn apre dòz inik vaksen J&J nan.

Vaksen rapèl yo ap obligatwa?

Obligasyon vaksinasyon Eta New York la pou travayè sante yo aplike sèlman pou premye ak dezyèm dòz la. Obligasyon an pa gen vaksen rapèl yo ladan l.

Vaksen rapèl yo rekòmande pou timoun?

Pou kounya, nou ankouraje tout moun ki gen 12 lènè oswa plis pou yo resevwa yon vaksen rapèl. Moun ki gen ant 12-17 lènè ki te déjà resevwa premye seri Pfizer a epi ki gen plis pase 5 mwa yo elijib pou vaksen rapèl Pfizer a sèlman. Kék timoun iminodeprime ki gen ant 5-11 lènè ka resevwa yon dòz anplis nan vaksen Pfizer a 28 jou apre yo fin pran dezyèm vaksen yo a.

